



Pou Piblikasyon Imedya: 22/05/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE IZIN MOTÈ CUMMINS JAMESTOWN PRAL ENVESTI 452 MILYON DOLA POU PWODWI PREMÈ PLATÒM MOTÈ KI PA DEPAN DE KABIRAN ENDISTRI A

Cummins jodi a make etap pwodiksyon 2.5 milyonyèm motè li a pandan l ap planifye pou yon avni ki pi dirab

Gade foto Izin Motè Cummins Jamestown yo [isit la](#)

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a lidè mondyal nan enèji ak teknoloji Cummins Inc. (NYSE:CMI) ap investi 452 milyon dola nan etablisman Jamestown ki mezire 998,000 pye kare a, kote pwodiksyon pral pwofite yon seri kalite gaz ki fèb an kabòn, tankou gaz natirèl, epi an akò ak Destination Zero, estrateji Cummins pral ale pi lwen, pi vit pou redwi enpak sou gaz a efè sè sou kalite lè a nan pwodwi li yo epi rive nan zewo emisyon dis 2050. Anplis de sa, Cummins te anonse ke li pwodwi 2.5 milyon motè li nan Izin Motè Jamestown konpayi an, pandan Cummins ap kontinye trase yon chemen nan direksyon yon avni ki pi dirab pou pwodwi li yo ak pou Eta New York. X15N lan, ofisyèlman nimewo 2,500,001, se yon motè ak gaz natirèl ki pran 15 lit, yon pati nan premye platfòm motè ki gen konbisyon entèn ki pa depan de kabiran nan Izin Motè Jamestown lan. Konpayi an te angaje tou pou kreye 90 nouvo djòb atravè investisman sa a.

Izin Motè "Cummins' Jamestown lan non sèlman se pi gwo anplwayè nan Konte Chautauqua, men tou se yon pisans ki investi nan teknoloji avanse yo pou ede New York ak nasyon an avanse nan direksyon yon avni ki pi dirab", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Mwen felisite lidè manifakti inovan an pou investisman li ak angajman li anvè anplwaye li yo ak Eta New York."

Srikanth Padmanabhan, Vis Prezidan ak Prezidan, Cummins Engine Business, te deklare, "Anplwaye nou yo ap inove pou jwenn nouvo fason pou travay ki sèvi ak mwens resous nan mond lan, epi Biznis Motè a nan sant inovasyon eksitan sa a. Platfòm ki pa depan de kabiran nou an baze sou plizyè deseni eksperyans nan konsepsyon ak fabrikasyon pwodwi k ap mennen nan endistri a isit la nan Jamestown. Li esansyèl nan angajman nou pou ede kliyan yo diminye emisyon gaz ki lakòz efè sè yo."

Plis pase mwatye nan tout kamyon mwayen ak lou yo ki sou wout la nan Etazini jodi a itilize motè Cummins epi lidè endistri yo montre enterè nan dènye motè ki soti nan Izin Motè Jamestown (Jamestown Engine Plant, JEP); Knight-Swift Transportation, Ryder ak United Parcel Service (UPS), pami lòt yo pral premye flòt ki kòmanse teste premye motè X15N yo. Motè pwochen jenerasyon sa a se premye motè a gaz natirèl ki fèt espesyalman pou aplikasyon pou kamyon lou yo, ak pwodiksyon jiska 500 cheval vapè, epi li se yon etap kle pou lavni flòt transpò lou yo ak wout endistri kamyon an pou rive nan zewo emisyon.

Etablisman Jamestown lan enpòtan anpil pou estrateji alontèm Destinasyon Zewo Cummins lan epi pòtfèy motè pwochen jenerasyon an epi rete youn nan pi gwo enstalasyon fabrikasyon konpayi an. Etablisman an ap fonksyone depi 49 ane epi li gen plis pase 1,500 anplwaye epi li sèvi 1,949 kliyan aktif. JEP kontinye rete pi gwo anplwayè prive nan Konte Chautauqua.

Cummins dedye pou amelyore kominote kote li opere pou gen yon enpak dirèk sou lavi anplwaye li yo ak vwazen li yo. Envestisman sa a gen entansyon kenbe plizyè milye djòb enjenyeri ak fabrikasyon aktyèl yo epi sipòte kreyasyon plizyè santèn nouvo djòb pandan Cummins invest nan moun li yo ak enstalasyon li yo pou devlope inovasyon ak manifakti ak akselere efò dekarbonizasyon li yo. Konpayi an angaje nan alimante yon mond ki pi pwospere pou kliyan li yo ak patnè Fabrikan Ekipman Orijinal (Original Equipment Manufacturer, OEM) yo lè li bay solisyon ki gen kalite siperyè pou yon pakèt mache ak bezwen konsomatè yo.

Eta New York pral bay 10 milyon dola nan kredi taks Excelsior pou dènye envestisman Cummins la. Ajans Devlopman Endistriyèl Konte Chautauqua (County of Chautauqua Industrial Development Agency, CCIDA) pral bay yon egzonerasyon taks sou lavant New York ki se 3 milyon dola.

Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development lan, Hope Knight, te deklare, "Gouvènè Hochul fèm nan angajman li anvè ajanda klimatik Eta New York la k ap mennen nan nasyon an epi li jwenn yon patnè enèji vèt inovan nan Cummins. Lè re-òganize Izin motè Jamestown li a pou pwodui platfòm motè avanse, Cummins non sèlman ap chèche satisfè estanda emisyon mondyal yo, men tou demontre devouman fèm li nan kominote lokal la, ekonomi an, ak anviwònman an."

Manadjè Izin Motè Cummins Jamestown lan, Anna Dibble, te deklare, "Izin nou an pa ta gen siksè san anplwaye devwe yo k ap sèvi konpayi nou an ak kominote nou an chak jou. Nou fyè dèske nou gen yon prezans solid konsa nan kominote a epi nou kapab kreye yon anviwònman akeyan, ki pran swen epi ki konplètmsn enklizif pou pèp nou an gen siksè."

JEP sèvi tou kòm yon motè ekonomik ki bay sipò nan kominote a ak rejyon an, atravè èdtan volontè anplwaye yo ak don chak ane pou charite ki se 1 milyon dola. Travay inovan ak pwodwi premye plan JEP ap bay kliyan li yo se yon temwayaj devouman Cummins genyen pou kreye yon avni ki pi dirab ak enpak ki dire lontan sou mond lan.

Senatè Eta a, George Borrello te deklare, "Cummins gen yon istwa long nan inovasyon ak lidè nan teknoloji motè. Gwo investisman sa a nan izin Jamestown lan se kle pou asire ke Cummins rete modèn nan yon mache mondyal k ap chanje tout tan. Yo se yon patnè ak sipòtè etonan nan kominote a tou. Nou rekonesan pou angajman kontinyèl yo pou Konte Chautauqua ak rejyon an. Mwen apresye tou sipò Gouvènè Hochul ak rekonesans efò sa a."

Manm Asanble Andrew Goodell te deklare, "Cummins se yon konpayi modèn k ap kreye bon jan kalite djòb nan Konte Chautauqua. Anplwaye k ap travay nan etablisman teknoloji Avanse ta dwe fyè dèske yo ap ede dekarbonize ekonomi nou an - sa k ap mennen tranzisyon enèji pwòp la. Mwen felisite tout moun ki enplike nan amelyorasyon yo ki pral pèmèt Cummins pwodui nouvo platfòm motè konbisyon entèn ki pa depan de kabiran isit la nan Lwès New York."

Egzekitif Konte Chautauqua a, PJ Wendel, te deklare, "Mwen kontan ke Cummins kontinye investi ak elaji isit la nan Konte Chautauqua. Pandan prèske 50 ane, Cummins te kontinye rete youn nan pi gwo anplwayè Konte Chautauqua epi li te pran investisman nan kominote lokal nou an trè oserye. Investisman prèske 500 milyon dola sa a pral ravitaye epi estimile ekonomi lokal nou an pou 50 ane ankò. Se yon temwayaj devouman ak anplwaye k ap travay di yo nan Izin Motè Jamestown lan."

Vil Majistra Jamestown, Eddie Sundquist, te deklare, "Izin Cummins' Jamestown lan se yon motè ekonomik kle pou vil ak rejyon nou an, epi nou kontan anpil paske Cummins ap fè gwo investisman ki nouvo nan izin li yo nan kreye nouvo pwodwi ak djòb nan sektè teknoloji vèt k ap grandi a. Sant endistriyèl tankou Jamestown ap wè nouvo kwasans ak investisman yo pa te wè nan plizyè deseni nan delokalizasyon investisman manifakti vèt. Mwen kontan wè kolaborasyon biwo Gouvènè a, Empire State Development, IDA Konte Chautauqua, ak Cummins Pral ogmante investisman yo ak angajman yo anvè rejyon nou an."

Mark Geise, Direktè Egzekitif Jeneral Ajans Devlopman Endistriyèl Konte Chautauqua a, te deklare, "Mwen fyè de wòl CCIDA te jwe nan ede Cummins Engine nan deside fè gwo investisman sa a nan Konte Chautauqua. Cummins Engine se yon motè ekonomik enpòtan nan rejyon nou an, epi investisman sa a montre yo venere yo tou anndan an. Sa a se yon omaj reyèl pou ekip jesyon, mendèv, ak machann JEP a."

###